



Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AKEYI 750 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL POU RANFÒSE KOUVÈTI SANTE ABÒDAB

Finansman atravè Plan Sovtaj Ameriken an pral sipòte Plan Esansyèl la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Sant Administrasyon Biden-Harris la pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Medicare & Medicaid Services, CMS) pral rann 750 milyon dola anplis nan finansman Plan Sovtaj Ameriken (American Rescue Plan) an disponib pou Plan Esansyèl (Essential Plan) New York la.

"Si nou pral mete fen nan pandemi sa a, nou bezwen asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak kouvèti swen sante ki abòdab, epi ki fyab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle remèsyek Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen an, Xavier Becerra ak Administratè CMS la, Chiquita Brooks-LaSure pou finansman sa a ak pou patenarya kontinyèl nou an. 750 milyon dola adisyonèl nan finansman federal pou sipòte Plan Esansyèl nou an pral ede nou ranfòse kouvèti davantaj nan New York epi mennen nou pi pre objektif nou pou reyalize ekite nan sante."

Plan Esansyèl New York la se yon pwogram asirans sante ke eta administre ki kouvri moun ak fanmi ki fè twòp lajan pou yo kalifye pou Medicaid, men prim asirans prive yo twò chè pou yo. Depi lè Plan Esansyèl la te kòmanse an 2015, enskripsyon yo te ogmante twa fwa -- li genyen kounye a 925,000 moun ki enskri epi, anplis Child Health Plus, li pèmèt plis Nouyòkè yo gen kalite swen prevantif abòdab ki kenbe yo ak fanmi yo an sante. Ansanm, Nouyòkè yo ap ekonomize 1 milya nan depans swen sante yo an 2021 lè yo enskri nan Plan Esansyèl an konparezon ak pri kouvèti Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plan) yo.

New York se youn nan sèlman de eta, lòt la se Minnesota, ki pran avantaj sou yon dispozisyon Lwa sou Swen Abòdab ki te bay eta yo kapasite pou yo kreye Pwogram Sante Debaz (Basic Health Programs) yo. Plan sa yo te fèt pou ofri kouvèti swen sante abòdab pou moun ak fanmi ki gen revni fèb rive nan revi modere ki pa te kalifye pou lòt pwogram yo, konsa li diminye kantite moun ki pa gen asirans ak sila yo ki pa asire ase. Plan Esansyèl la jwe yon wòl enpòtan nan redui pousantaj moun ki pa gen asirans New York soti 10 pousan a 5 pousan depi 2013.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)